

Citizens jwe yon wòl san parèy nan mache asirans pwopriyete nan Florida ak kouvèti li ofri kandida ki kalifye ki pa ka jwenn asirans nan mache prive a.

Kisa Kotizasyon yo Ye?

Kotizasyon yo se lajan ke moun asire Citizens yo ak moun ki pa asire Citizens yo dwe peye anplis de prim asirans regilye yo a lè – akòz yon gwo tanpèt, yon seri tanpèt mwens grav ak lòt evènman katastrofik – yo bezwen lajan adisyonèl pou peye reklamasyon asire yo. Kontrèman ak yon konpayi asirans prive, lalwa oblije Citizens pran kotizasyon sou kliyan li yo si lajan ki te destine pou peye reklamasyon yo ta fin depanse.

Vrè Pri Asirans

Pou asire Citizens yo, kotizasyon sa yo ka enpòtan anpil. Menm lè Citizens jwi de yon pozisyon finansyè ki solid, li enpòtan pou ou konprann pwosesis kotizasyon an ak kijan sa ka afekte ou.

Asire yo afekte menm si ou pa yon kliyan Citizens oswa pa posede yon kay. Eksepte pou chaj siplemantè asire a, ke sèl asire Citizens yo peye, kotizasyon Citizens yo ka touche sou **prèske chak tip asirans pwopriyete ak asirans domaj**, menm sila yo e sa pa limite ak kontra asirans pwopriyete yo, lokatè, machin, bato ak bèt domestik.



REDWI RISK KOTIZASYON OU

Risk kotizasyon an reyèl. Kontakte ajan ou pou ede ou jwenn kontra asirans ak konpayi asirans ki adapte pi byen a bezwen ou yo.



Ou bezwen fè yon reklamasyon? Rele Citizens First

Fè reklamasyon ou sou
Entènèt nan myPolicy sou
www.citizensfla.com/mypolicy
24 èdtan pa jou, sèt jou nan semèn nan
866.411.2742

Scan QR code to
report online



Objektif bwochi sa se pou bay enfòmasyon. Si sa ta rive ou jwenn kèk diferans ant bwochi sa ak kontra asirans ou an, se sa ki ekri nan kontra asirans lan ki gen plis valè.

The English version is available at
www.citizensfla.com/brochures.




Köporasyon Asirans Pwopriyete Citizens
866.411.2742
www.citizensfla.com

03/24

Kotizasyon Citizens yo Afekte tout moun Florida



Kiyès k ap peye kotizasyon Citizens yo aprè pwochen siklòn nan?



1

CHAJ SIPLEMANTÈ ASIRE CITIZENS

Sipoze ke yon tanpèt gwo dega oswa yon seri tanpèt kite Citizens nan defisi (sa ki vle di gen bezwen lajan adisyonèl pou peye reklamasyon yo). Nan senaryo sa, lalwa fè Citizens obligasyon pou fè prelevman yon **Chaj Siplèmantè Asire Citizens jiska 15%** sa ki vle di ke asire Citizens yo ta ka peye jiska **15% chaj siplemantè** anplis de prim anyèl yo.

Jiska 15% prim ou a

2

KOTIZASYON IJANS

Kotizasyon ijans yo faktire si yon defisi pèsiste apre Chaj Siplèmantè Asire Citizens nan aplike. Nan sitiyasyon sa, Citizens oblije fè yon **kotizasyon ijans** jiska **10% sou kont pa ane** kòm prim nan tout eta a. Sa gen ladann Asire Citizens ak mache prive asire yo pou kantite ane ki nesèsè jiskaske defisi a elimine.

10% de prim kontra asirans (ki gen ladan asirans lokatè, machin, bato ak bèt). Pou tout tan sa nesèsè.

Chaj Siplèmantè Asire Citizens = 1 lane

Kotizasyon Ijans = 1 oswa plis lane jiskaske defisi a elimine



CHAJ ADISYONÈL AK EVALASYON KA AJOUTE

Pou yon sèl kontra asirans ki gen yon prim \$3,000, **Chaj Adisyonèl Asire Citizens** la ta ka vle di yon frè adisyonèl \$450 lè w ap ap rekipere ou de yon pèt katastwofik.

Si okontrè ou gen menm kategori kontra asirans la ak yon prim \$3,000 de yon konpayi mache-prive, ou p'ap anba obligasyon chaj \$450 pi wo a.

Pri a se yon pati esansyèl nan desizyon asirans ou a. Gade kijan kotizasyon yo ka afekte pri reyèl kontra asirans ou a apre yon tanpèt gwo dega oswa yon seri tanpèt ak Kalkilatè Vrè Pri a nan www.citizensfla.com/assessments.